



Mwen otorize Enstiti Kè ak Sante Nòdwès sèvi oubyen fè konnen enfòmasyon sou sante m, enfòmasyon ki idantifye m oubyen ki kapab sèvi pou idantifye m nan zafè tretman, péman ak swen lasante.

Nan tretman an, genyen, antwòt : tout medikaman ak anestezi doktè ka preskri, tout sa yo ka fè pou trete moun malad, tout egzamen laboratwa ki nesèsè, dapre doktè k ap bay swen yo.

Nan péman, genyen, antwòt : otorizasyon pou bay Enstiti Kè ak Sante Nòdwès tout lajan ke yo ta sipoze peye m. Mwen rekonèt ke yo ka oblije montre lòt moun dosye mwen, si moun sa yo nan domèn asirans sante, asirans machin, oubyen si yap fè rekouvremant dèt. Mwen rekonèt tou ke m responsab tout depans ke asirans pa peye. Mwen dakò ke yo kapab mete enfòmasyon sou moun malad yo nan rezon kompitè.

Nan zafè swen lasante, mwen konprann ke yo kapab voye enfòmasyon sou mwen bay tout doktè ak tout biwo asirans k ap patisipe nan peye tretman an.

Mwen bay konsantman sa a davans, men mwen gen dwa refize sèvis la. Konsantman sa a ap rete valab jis lè tretman an fini, amwenske mwen siyen yon dokiman ki di mwen pa vle l ankò. Fotokopi dokiman sa a valab menm jan ak orijinal la.

Malad la oubyen reprezantan l responsab tout depans yo. N ap voye bòdwo a bay konpayi asirans ou. Men ou dwe kopeman, ak pousantay asirans la pa peye. Moun malad la fèt pou l mande doktè li tout dokiman, tout referans nou ka bezwen pou tretman an. Si nou pa jwenn dokiman sa yo anvan vizit la, e si nou pa touche kòb nou atan, n ap remèt dosye a bay yon konpayi rekouvremant, e tout frè yo ap sou kont ou.

Mwen byen li règleman sa a, e mwen konprann li. Mwen dakò pou m voye bay Enstiti Kè ak Sante Nòdwès tout lajan mwen resevwa nan men konpayi asirans.

Inisyal malad la: _____

OTORIZASYON POU MEDICARE

Mwen sètifye ke enfòmasyon yo ban mwen lè mwen aplike anba lwa sekirite sosyal la li korèk. Mwen otorize tout moun ki genyen enfòmasyon sou sante m, pou yo remèt li bay administrasyon sekirite sosyal la oubyen tout lòt ajans ki travay avèk li. Mwen mande pou w fè péman yo sou non m. Mwen otorize doktè ak òganizasyon ki te ban m sèvis, pou yo voye touche lajan yo nan Medicare. Lajan sa a va sèvi pou peye Enstiti Kè ak Lasante Nodwès.

Inisyal malad la: _____

Mwen mande pou yo aplike otorizasyon sa sou tout lòt asirans.

Inisyal malad la: _____

Mwen rekonet ke yo te byen di m kouman Enstiti Kè ak Lasante Nodwès respekte vi prive moun. Si mwen vle pose kesyon oubyen si m vle pote plent, mwen sipoze kontakte biwo zafè prive.

Inisyal malad la: _____

Mwen sètifye ke mwen te li dokiman sa a, mwen konprann li, e m dakò ak tout sa k ladan l.

Siyati malad la: _____

Dat _____ **Dat malad la fèt:** _____